



**Eta Florid
Depatman Lasante
Biwo Estatistik Vital**

APLIKASYON POU REJIS LANMÒ OSWA REJIS LANMÒ TIBEBE NAN FLORID

Li DEVAN AK DÈYÈ aplikasyon sa a: Nenpòt moun kapab aplike pou yon sètifika lanmò. Si kòz lanmò a nan demand lan tou epi si ka lanmò a te deklare depi mwens pase 50 ane, yon kopi ID valid ki gen foto dwe akonpaye aplikasyon sa a EPITOU aplikan an oswa moun ki reprezante li a dwe se yon moun ki kalifye jan sa endike nan lwa jeneral yo (al gade Kalifikasyon padèyè fòmilè sa a). Ou dwe endike sa ou ye pou moun ki mouri a nan espas ki deziyen pou sa anba fòmilè sa a lè ou fè demand kòz lanmò a. Men kalite ID valid nou aksepte: pèmi kondui, kat idantifikasyon leta, paspò, ak/oswa kat ID militè. Si ou fè demand yon sètifika lanmò san kòz lanmò a OSWA si ka lanmò a te deklare depi plis pase 50 ane anvan ou fè demand lan, pyès idantifikasyon ki gen foto pa obligatwa. Si yon ponp finèb oswa yon avoka, al gade lòt enfòmasyon ki anba Kalifikasyon palòtbò fòmilè sa a pou asire ou ranpli aplikasyon sa a kòrèkteman.

SEKSYON A ENFÒMASYON SOU KALITE REJIS AK MOUN KI MOURI TANPRI TCHEKE BWAT KI APWOPRIYE A: LANMÒ LANMÒ TIBEBE

NON MOUN KI MOURI A	PRENON			DEZYÈM PRENON	NON FANMI	SIFIKS
FO NON (SI TE GENYEN)						SI SE YON FANM MARYE, NON FANMI JENN FI LI (Si w konnen)
DAT LANMÒ A	MWA	JOU	ANE (4 CHIF)	NIMEWO DOSYE LETA (Si w konnen)		SÈKS
LÒT ANE POU CHÈCHE <small>(Obligatwa <u>sèlman</u> lè ou <u>pa</u> konnen ane egzat la)</small>	Anba a endike <u>seri</u> ane pou chèche a			VIL OSWA VILAJ LANMÒ A TE FÈT	KONTE LANMÒ A TE FÈT	
NON KONJWEN SIVIVAN JAN NON AN ENDIKE SOU REJIS LANMÒ A <small>(si genyen epi si ou konnen li)</small>	PRENON			DEZYÈM PRENON	NON FANMI	SIFIKS
NIMEWO SEKIRITE SOSYAL				NON PONP FINÈB LA		

ENFÒMASYON ENPÒTAN

Si yon moun konnen li bay fo enfòmasyon nan yon sètifika, yon rejis oswa yon pwosè-vèbal ki obligatwa dapre Chapit 392, Lwa Jeneral Leta Florid, oswa sou nenpòt aplikasyon oswa yon deklarasyon sou sèman, oswa si moun nan pran enfòmasyon konfidansyèl nan nenpòt Rejis Vital pou fè sa ki fo oswa pou fè fwod, moun sa a komèt yon feloni twazyèm degre, yon zak lawa pini, jan sa endike nan Chapit 775, Lwa Jeneral Leta Florid.

SEKSYON B – FRÈ POU PEYE: Yon RECHÈCH DOSYE EGZIJE PEMAN DVANS YON FRÈ RECHÈCH NON-RANBOUSBA KI SE \$5.00

1st SÈTIFIKA - Frè \$5.00 bay aplikan an dwe pou YON sètifika. Tcheke bwat ki apwopriye a:

San Kòz Lanmò Avèk Kòz Lanmò (Al gade Kalifikasyon padèyè fòmilè sa a)

Lòt Sètifika SAN Kòz Lanmò:
\$4.00 pou chak lòt sètifika

Lòt Sètifika SAN Kòz Lanmò (Al gade Kalifikasyon padèyè fòmilè sa a):
\$4.00 pou chak lòt sètifika

Lòt ane pou chèche yo: Obligatwa sèlman lè ou pa konnen ane egzat la
\$2.00 pou chak adisyonèl Pi gwo frè pou peye pou ane adisyonèl la se \$ 50.00 kèlkeswa kantite a kantite ane pou chèche yo.

<input type="text"/>	X	<input type="text"/>	=	<input type="text"/>
<input type="text"/>	X	<input type="text"/>	=	<input type="text"/>
<input type="text"/>	X	<input type="text"/>	=	<input type="text"/>
<input type="text"/>	X	<input type="text"/>	=	<input type="text"/>

Kantite ane adisyonèl

Tcheke la a pou demand ijan

<input type="text"/>	=	<input type="text"/>
----------------------	---	----------------------

DEMAND IJAN (Ochwa): Frè pou IJANS yo se yon lòt \$10.00.

Al gade padèyè "Chwa pou Sèvis Ijan" pou jwenn TOUT chwa pou IJANS ak tan nou pran pou bay repons. Seksyon sa a aplike SÈLMAN pou kourye ki sou demand annijans. Anvlòp ou dwe make "RUSH" (ijan)

MONTAN TOTAL KI NAN ANVLÒP LA: Chèk oswa Mandas Postal (money order) peyab sou non: Vital Statistics. (PA VOYE LAJAN KACH)

Peman entènasyonnal yo dwe fèt avèk Chèk Labank oswa Manda Postal an Dola Ameriken.

Lawa Florid egziye yon frè sèvis adisyonèl \$15.00 chèk ki retounen.

METE KOPI IDANTIFIKASYON VALID KI GEN FOTO OU SI OU FÈ DEMAND SÈTIFIKA KÒZ LANMÒ A OSWA SI DEMAND OU PA KONPLÈ

SEKSYON C – ENFÒMASYON SOU ADRÈS POSTAL:

Non Aplikan	PRENON, DEZYÈM PRENON, NON FANMI (AVÈK NENPÒT SIFIKS)	Siyati Aplikan		
TAPE OSWA EKRI AK LÈT DETACHE				
Si Responsab Pon Finèb oswa Avoka ki reprezante Aplikan epi ki fè demand Enfòmasyon sou Kòz Lanmò a	NIMEWO LISANS/BAWO		NON MOUN OU REPREZANTE A	
Si ou fè demand kòz lanmò a, endike sa ou ye (OSWA si responsab ponp finèb la oswa yon avoka, sa li ye pou moun li reprezante a) pou moun ki mouri a.	SA OU YE POU MOUN KI MOURI A			
NIMEWO TELEFÒN KAY	ADRÈS POU EKSPEDISYON (PA BLIYE METE NIMEWO BILDING OSWA APATMAN.)			
LÒT NIMEWO TELEFÒN	VIL	ETA	KÒD POSTAL	

SI NOU DWE VOYE SÈTIFIKA A BA YON LÒT MOUN OSWA NAN YON LÒT ADRÈS ITILIZE ESPAS KI ANBA YO POU ENDIKE NON AK ADRÈS POU VOYE LI A.

NON MOUN POU VOYE LI TAPE OSWA EKRI AK LÈT DETACHE	PRENON	DEZYÈM PRENON	NON FANMI (AVÈK NENPÒT SIFIKS TOU)	
NIMEWO TELEFÒN KAY	ADRÈS RI KOTE POU VOYE LI (AK NIMEWO APATMAN SI GENYEN)			
NIMEWO TELEFÒN TRAVAY	VIL	ETA	KÒD POSTAL	

ENFÒMASYON / ENSTWIKSYON

Ou pa dwe itilize aplikasyon sa a pou fè demand yon amannman nan yon rejis lanmò. Si yon amannman nesese pou fèt, itilize Fòmilè 433 DH (amannman ki pa medikal) oswa DH434 (amannman medikal).

DISPONIBLITE: Lalwa leta pa t egzije anrejistreman lanmò jouk nan lane 1917; men, plizyè ane te pase anvan nou te vin genyen anrejistreman ki konsistan. Alòske genyen kèk rejis sou dosye ki la depi 1877, se pa tout ka yo ki te anrejistre.

KALIFIKASYON:

SAN KÒZ LANMÒ: Nenpòt moun ki genyen laj legal (18 tan) kapab resevwa kopi sètifye yon rejis lanmò san kòz lanmò a.

ENFÒMASYON SOU KÒZ LANMÒ: Nenpòt aplikan kapab resevwa kòz lanmò pou nenpòt rejis ki sou 50 tan. Men moun ki kapab resevwa rejis lanmò ki mwens pase 50 tan enfòmasyon sou kòz lanmò a ladan: konjwen oswa paran moun ki mouri a; pitit, pitit-pitit oswa frè ak sè moun ki mouri a, si li genyen laj legal; pou nenpòt moun ki bay yon testaman, kontra asirans oswa lòt dokiman ki montre enterè li nan byen moun ki mouri a, oswa pou nenpòt moun ki bay dokiman ki endike l ap deside onon nenpòt moun ki genyen non yo site anwo a. Tout demand pou sètifye yon sètifika lanmò ki genyen enfòmasyon sou kòz lanmò a dwe endike kalifikasyon moun ki aplike a, oswa yon Afidavit notarye pou Divilge Enfòmasyon sou Kòz Lanmò a (Fòm 1959 DH), ki disponib sou demand. Si apre lekti enfòmasyon ki endike anwo a ou toujou pa sèten konsènan kalifikasyon ou pou enfòmasyon sou kòz lanmò a, rele biwo nou nan (904) 359-6900, estansyon 9000 pou jwenn èd.

Yon direktè ponp finèb oswa yon avoka ki reprezante yon moun kalifye jan sa endike anwo a dwe ajoute nimewo lisans pwofesyonèl li, non li ak sa li ye pou moun li reprezante a, si li fè demand kòz lanmò a. Si li pa reprezante moun ki idantifye anwo a kòm yon moun ki kalifye pou resevwa enfòmasyon sou kòz lanmò a, yon Afidavit ki ranpli pou Divilge Enfòmasyon sou Kòz Lanmò (Fòm 1959 DH) dwe akonpaye demand sa a. **NÒT ESPESYAL:** Grefye tribinal Florid yo p ap aksepte yon rejis lanmò avèk “enfòmasyon sou kòz lanmò ladan” lè y ap klase sètifika omologasyon an.

DAT LANMÒ KI ENKONI: Si ou pa konnen dat lanmò a, n ap fè rechèch nan tout ane a. Si ou pa konnen ane lanmò a epi ou vle pou nou fè rechèch sou plis pase yon ane, ou dwe endike kantite ane ou vle pou nou fè rechèch la (Egzanp: 1970 jiska kounye a) epi w ap peye \$2.00 pou chak ane adisyonèl ou vle pou nou fè rechèch la.

ENFÒMASYON KI NESESE: Yon rechèch **pa kapab fèt san non mò a ak ane li mouri a**. Si nenpòt lòt atik ou mande nan Seksyon A ki devan fòmilè sa a disponib, enfòmasyon sa yo kapab itil pou nou nan rechèch nou sitou lè nou jwenn plizyè rejis pou non komen yo. Tanpri ba nou tout enfòmasyon ki posib pou ou.

TAN POU NOU TRAVAY SOU YON DEMAND Tan nòmal repons lan se 10 – 14 jou ouvrab; men, tan pou nou travay sou demand lan kapab depase kalandriye sa a selon volim travay nou resevwa ak resous ki disponib nan moman nou resevwa demand lan.

CHWA POU FÈ DEMAND SÈVIS IJAN:

- **KAT KREDI:** Kounye a biwo leta pa aksepte kat kredi men genyen yon antrepriz prive ki aksepte frè sa yo epi li transfere demand yo nan Estatistik Vital pou yon frè \$5.00 plis yon Frè \$10.00 Biwo Leta a egzije pou Ijans lan. Nimewo telefòn lan se (877) 550-7330 oswa nimewo faks la se (877) 550-7428. Tout demand antrepriz sa a fè ap vini nan biwo nou avèk yon tan tretman dosye ki depase tretman woutin lan, (anjeneral 5-7 jou ouvrab pou kourye regilye). N ap voye sètifika yo pa lapòs nan kourye 1st klas SOF SI ou ta fè demand kourye espesyal epi ou peye pou sa nan moman ou fè demand ou. Si ou fè demand kourye espesyal (UPS) nan moman ou fè demand ou avèk antrepriz sa a ki sou kontra a, n ap travay sou demand lan nan biwo nou nan 1-2 jou.
- **VOYE NAN:** Demand ki make RUSH epi avèk frè \$10 ijans lan avèk frè rechèch la, ap jwenn priorite sou demand nòmal yo (anjeneral tan repons lan nan 5-7 jou pou sèvis IJAN an). Mete anvlòp tenbre ki gen adrès retou a avèk demand ou. N ap voye sètifika yo pa lapòs nan kourye 1st klas SOF SI ta genyen yon anvlòp espesyal tenbre ki gen adrès retou sou li ki vini ansanm avèk demand ou.
- **SÈVIS SAN RANDEVOU:** Ou kapab fè demand lan nan biwo leta nan Jacksonville, ki nan adrès **1217 Pearl Street**. Si ou peye yon demand anvan midi, ou kapab al chèche li apre 3:30 p.m. Si ou fè yon demand apre midi, ou kapab al chèche li a 10:00 a.m. nan pwochen jou ouvrab la.

REJIS NOU PA JWENN: Si nou pa jwenn yon rejis lanmò, n ap bay yon deklarasyon “not found” (pa jwenn) alaplans sètifika a. Frè yo pa ranbousab, avèk yon ekepsyon. N ap ranbouse frè ki peye pou kopi adisyonèl yo lè nou pa jwenn yon rejis sou demand ekri.

VOYE APLIKASYON SA A PA LAPÒS AVÈK PEMAN POU

STATE OFFICE OF VITAL STATISTICS

ATTN: CLIENT SERVICES

P.O. BOX 210

Jacksonville, FL 32231-0042

TANPRI ALE NAN SIT WÈB NOU

http://www.doh.state.fl.us/planning_eval/vital_statistics/index.html